# MEKTEP MÁSLAHÁTSHISI ISKERLIGINIŃ PSIXOLOGIYALÍQ-PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Kurbanbaeva Jarqinay Kamiljanovna**
Nókis qalası Mektepke shekemgi hám mektep tálimi bólimine qaraslı 28-sanlı ayırım pánler tereńletip oqıtılatuǵın klassları bar ulıwma orta bilim beriw mektebi mektep máslahátshisi.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.20334687***

***Annotaciya.*** *Bul maqalada mektep máslahátshisi lawazımınıń zamanagóy bilimlendiriw sistemasındaǵı ornı, onıń tiykarǵı funkciyaları hám oqıwshılardı hár tárepleme rawajlandırıwdaǵı áhmiyeti sáwlelendiriledi. Sonıń menen birge, máslahátshiniń kásipke baǵdarlaw, sociallıq belsendilikti asırıw, psixologiyalıq qollap-quwatlaw hám bilimlendiriw ortalıǵın rawajlandırıwdaǵı roli ilimiy tárepten talqılanadı.*

***Gilt sózler:*** *mektep máslahátshisi, kásipke baǵdarlaw, bilimlendiriw sisteması, oqıwshı shaxsı, psixologiyalıq qollap-quwatlaw, sociallıq belsendilik.*

# ПСИХОЛОГО-ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ ШКОЛЬНОГО КОНСУЛЬТАНТА

***Аннотация.*** *В данной статье освещается роль должности школьного консультанта в современной системе образования, ее основные функции и значение в всестороннем развитии учащихся. В то же время, роль консультанта в профориентации, повышении социальной активности, психологической поддержке и развитии образовательной среды анализируется с научной точки зрения.*

***Ключевые слова:*** *школьный консультант, профориентация, система образования, личность учащегося, психологическая поддержка, социальная активность.*

# PSYCHOLOGICAL AND PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF SCHOOL COUNSELOR'S ACTIVITIES

***Annotation.*** *This article highlights the role of the school advisor position in the modern education system, its main functions, and its importance in the comprehensive development of students. At the same time, the role of counselors in career guidance, increasing social activity, psychological support, and developing the educational environment is scientifically analyzed.*

***Key words:*** *school counselor, career guidance, education system, student personality, psychological support, social activity.*

Zamanagóy bilim beriw sistemasınıń aldında turǵan eń áhmiyetli wazıypalardıń biri — bul tek ǵana bilimli emes, al erkin pikirley alatuǵın, óz jolın anıq tańlay alatuǵın hám jámiyette belsendi orın iyeleytuǵın jaslardı tárbiyalaw esaplanadı. Usı kózqarastan, mekteptegi hár bir pedagogikalıq lawazım, ásirese mektep másláhátshisiniń iskerligi ayrıqsha áhmiyetke iye. Sebebi búgingi oqıwshı — erteńgi jámiyet qurıwshısı bolıp tabıladı. Bul baǵdarda Shavkat Mirziyoev óz sóylegen sózleriniń birinde bılay dep atap ótedi: “Jaslarımız qanday bilim hám tárbiya alsa, keleshegimiz de soǵan qarap qáliplesedi”. Bul pikir bilim beriw sistemasındaǵı hár bir qánigeniń moynına úlken juwapkershilik júkleydi. Ásirese, oqıwshılardıń ishki potencialın ashıp beriwde, olardı durıs baǵdarlawda hám turmıslıq maqsetlerin anıqlawda mektep másláhátshisiniń ornı biybaha. Búgingi globallasıw dáwirinde jaslar hár qıylı informaciya aǵımları, qarama-qarsı pikirler hám quramalı tańlawlar aldında tur. Bunday sharayatta olarǵa durıs jol kórsetetuǵın, olardıń qızıǵıwshılıqları menen imkaniyatların anıqlap beretuǵın, ruwxıy hám sociallıq jaqtan qollap-quwatlaytuǵın qánigege mútájlik jáne de artıp barmaqta.

Tap usı wazıypanı mektep másláhátshisi atqarıp, oqıwshılardıń tek ǵana bilim alıwına emes, bálki shaxs sıpatında kámil insan bolıp jetilisiwine xızmet etedi.

Sol sebepli mektep másláhátshisiniń iskerligin ilimiy tiykarda úyreniw, onıń nátiyjeliligin arttırıw hám bilim beriw sistemasındaǵı rolın bekkemlew búgingi kúnniń eń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp tabıladı. Zamanagóy bilimlendiriw sisteması tek bilim beriw emes, al shaxstı hár tárepleme rawajlandırıwdı da óz aldına maqset etip qoyǵan. Usı kózqarastan, mekteplerde jańa pedagogikalıq lawazımlardan biri - mektep keńesgóyiniń jumısı úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Mektep keńesgóyi oqıwshılardıń bilimlendiriw procesindegi belsendiligin arttırıw, olardı kásipke baǵdarlaw, jámiyetlik turmısqa beyimlestiriw hám qábiletin rawajlandırıwda kópir wazıypasın atqaradı. Mektep keńesgóyiniń jumısı kompleksli xarakterge iye bolıp, ol pedagogikalıq, psixologiyalıq hám shólkemlestiriwshilik baǵdarlardı ózinde jámleydi. Bárinen burın, másláhát oqıwshılardıń bilimlendiriw, mádeniyat, sport, ekologiya hám basqa da tarawlardaǵı baslamaların qollap-quwatlaydı. Bul arqalı oqıwshılarda erkin pikirlew, jetekshilik hám sociallıq belsendilik kónlikpeleri qáliplesedi.

Mektep keńesgóyiniń áhmiyetli wazıypalarınan biri - oqıwshılardı hár qıylı tańlawlar, forumlar, festivallar hám seminar-treninglerge tartıw bolıp tabıladı. Bul process oqıwshılardıń sociallıq tájiriybesin bayıtadı hám olardıń kommunikativ kompetenciyaların rawajlandıradı.

Ásirese, "Keleshek saatı" sıyaqlı baǵdarlamalardı shólkemlestiriw arqalı oqıwshılardıń dúnya qarası keńeedi hám keleshek rejeleri anıq qáliplesedi. Sonday-aq, mektep keńesgóyi oqıwshılardı kásipke baǵdarlawda da áhmiyetli rol atqaradı. Ol "Meniń keleshektegi kásibim" sıyaqlı baǵdarlamalar tiykarında sorawnamalar ótkeredi, oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqları hám qábiletlerin anıqlaydı hám olardı sáykes baǵdarlarǵa baǵdarlaydı. Bul proceste mektep psixologi menen birge islesiw ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, oqıwshınıń individual ózgeshelikleri tereń úyreniledi. Oqıwshılardı joqarı oqıw orınlarına tayarlawda da belsene qatnasadı. Ol oqıwshılardı pán muǵallimleri menen baylanıstıradı, qosımsha sabaqlar shólkemlestiredi hám olardıń bilim dárejesin arttırıwǵa xızmet etedi. Sonıń menen birge, oqıwshılar keńesiniń jumısın shólkemlestiriw, saylawlardı ótkeriw hám lider oqıwshılardı qollap-quwatlaw da onıń wazıypalarına kiredi. Bunnan tısqarı, mektep keńesgóyi hár qıylı dógerek hám klublardı shólkemlestiriw arqalı oqıwshılardıń bos waqtın mazmunlı ótkeriwge járdem beredi. Máselen, teatr, debat, shet tilleri, ekologiya hám sanlı texnologiyalar baǵdarındaǵı klublar oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqların rawajlandırıwda áhmiyetli qural esaplanadı.

Keńesgóydiń jáne bir áhmiyetli tárepi - ata-analar menen birge islesiwdi jolǵa qoyıw. Ol oqıwshılardıń rawajlanıwı haqqında ata-analarǵa maǵlıwmat beredi, másláhátler beredi hám de tárbiyalıq procesti nátiyjeli shólkemlestiriwde járdem kórsetedi. Mektep másláhátshisi — bul bilimlendiriw mákemesinde oqıwshılardıń jeke rawajlanıwı, sociallıq beyimlesiwi hám ómirlik baǵdarın qáliplestiriwge xızmet etetuǵın zamanagóy pedagogikalıq lawazım iyesi. Ol tek ǵana shólkemlestiriw jumısları menen sheklenip qalmay, al oqıwshınıń ishki dúnyasın túsiniwge, onıń mútájlikleri menen mashqalaların anıqlawǵa da ayrıqsha itibar qaratadı. Usı tárepten mektep másláhátshisi oqıwshı shaxsın kompleksli úyrenetuǵın hám onı qollap-quwatlaytuǵın qánige sıpatında kórinedi. Bul lawazim oqıwshılardıń mektep ortalıǵına beyimlesiwi, klasstaǵı jámáátegi ornı hám óz-ara qatnasların baqlap baradı hám de zárúr jaǵdaylarda mashqalalı jaǵdaylardı jumsartıwǵa járdem beredi. Ásirese, óspirimlik dáwirinde ushırasatuǵın psixologiyalıq qıyınshılıqlar, isenimsizlik, ózin ańlaw procesindegi qarama-qarsılıqlar sıyaqlı jaǵdaylarda másláhátshiniń ornı júdá áhmiyetli esaplanadı.

Ol oqıwshılarǵa durıs sheshim qabıllaw, mashqalalardı ǵárezsiz sheshiw hám juwapkershilikti seziw kónlikpelerin qáliplestiriwge járdem beredi. Mektep másláhátshisi bilimlendiriw procesin bayıtatuǵın innovaciyalıq usıllardı da qollanadı. Ol interaktiv metodlar, motivaciyalıq ushırasıwlar, jeke hám toparlıq sáwbetler arqalı oqıwshılardıń belsendiligin arttıradı. Sonıń menen birge, ol zamanagóy informaciyalıq texnologiyalardan paydalanıp, oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqlarına sáykes joybarlar menen baslamalardı alǵa súredi. Bul bolsa oqıwshılardıń kreativ pikirleniw hám ǵárezsiz bilim alıw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Bunnan tısqarı, mektep másláhátshisi tárbiyalıq jumıslardıń nátiyjeliligin arttırıwda áhmiyetli rol atqaradı. Ol mekteptegi ruwxıy-aǵartıwshılıq ortalıqtı sawalandırıwǵa, unamlı qádiriyatlardı úgit-násiyatlawǵa hám oqıwshılarda puqaralıq poziciyasın qáliplestiriwge úles qosadı. Bul processte ol muǵallimler jámááti menen sheriklikte islep, birden-bir tárbiyalıq usıldı támiyinlewge umtıladı.

Mektep másláhátshisi — bul oqıwshını tek ǵana bilimlendiriw procesiniń qatnasıwshısı sıpatında emes, al ǵárezsiz pikirleytuǵın, sheshim qabıllay alatuǵın hám jámiyette óz ornın taba alatuǵın shaxs sıpatında qáliplestiriwge xızmet etetuǵın áhmiyetli qánige bolıp tabıladı. Mektep keńesgóyi lawazımına keliw ápiwayı tayınlaw emes - bul kásipke kiriw ushın belgili basqıshlar, bilim hám tańlaw processlerinen ótiw talap etiledi. Bárinen burın, bul jol pedagogikalıq yamasa psixologiyalıq baǵdarda joqarı maǵlıwmat alıwdan baslanadı. Sebebi mektep keńesgóyi oqıwshı shaxsı menen isleytuǵın qániges bolǵanı ushın ol pedagogika, psixologiya, jas dáwirleri psixologiyası, tárbiya teoriyası sıyaqlı pánlerdi tereń biliwi zárúr. Joqarı bilimlendiriwdi tamamlaǵannan soń talaban mektep sistemasında belgili bir tájiriybe arttırǵanı maqsetke muwapıq boladı. Bul oqıtıwshı, psixolog yamasa tárbiyashı sıpatında jumıs alıp barıw arqalı ámelge asırıladı. Sebebi ámeliy tájiriybe keleshekte másláhát beriw jumısında real jaǵdaylardı durıs bahalaw hám nátiyjeli sheshim tabıwǵa járdem beredi.

Keyingi áhmiyetli basqısh - bul tańlaw (konkurs) procesi. Mektep keńesgóyi lawazımına qabıllaw ádette ashıq tańlaw tiykarında ámelge asırıladı. Tańlaw bir neshe basqıshtan ibarat bolıwı múmkin. Dáslep talaban hújjet tapsıradı, yaǵnıy diplom, rezyume, sertifikatlar hám basqa da zárúr hújjetler kórip shıǵıladı. Bul basqıshta talabannıń bilim dárejesi, qánigeligi hám qosımsha mamanlıqları bahalanadı. Bunnan keyin test sınaqları ótkeriliwi múmkin. Testlerde pedagogika, psixologiya, logikalıq pikirlew, nızamshılıq tiykarları hám bilimlendiriw sistemasına baylanıslı bilimler tekseriledi. Bul basqısh talabannıń teoriyalıq tayarlıǵın anıqlawǵa xızmet etedi.

Keyingi basqısh - sáwbet (intervyu) esaplanadı. Sáwbetlesiw dawamında talabannıń kommunikativlik qábileti, mashqalalı jaǵdaylarǵa qatnası, oqıwshılar menen islesiw usılı hám jeke pazıyletleri bahalanadı. Ayırım jaǵdaylarda talabannan ámeliy tapsırmalar da talap etiledi, máselen, belgili bir jaǵdayǵa sheshim usınıs etiw yamasa kishi trening ótkeriw. Ayırım jaǵdaylarda sınaq múddeti (stajirovka) de belgilenedi. Bul dáwirde talaban mektep ortalıǵında tikkeley isleydi hám onıń jumısı baqlanıp bahalanadı. Sol arqalı onıń haqıyqıy jumısqa sáykesligi anıqlanadı. Ulıwma alǵanda, mektep keńesgóyi bolıw ushın tek ǵana diplom emes, al kúshli psixologiyalıq tayarlıq, sóylesiw mádeniyatı, balalarǵa mehir, juwapkershilik hám intakerlik sıyaqlı pazıyletler de talap etiledi. Bul jol basqıshpa-basqısh qáliplesedi hám hár bir basqısh talabandı professional qánige dárejesine alıp shıǵıwǵa xızmet etedi. Mektep másláhátshisi lawazımı búgingi kúnde bilimlendiriw sistemasınıń ajıralmas bólegine aylanıp atırǵan bolsa, onıń keleshektegi rawajlanıwı jáne de keń qamrawlı hám strategiyalıq áhmiyetke iye bolıwı kútilmekte.

Zamanagóy jámiyette jaslardıń tek ǵana bilimli, bálkim erkin pikirleytuǵın, sanalı hám sociallıq belsendi shaxs sıpatında qáliplesiwi baslı wazıypaǵa aylanbaqta.

Usı kózqarastan, mektep másláhátshisiniń iskerligi keleshekte ápiwayı shólkemlestiriw jumısları sheńberinen shıǵıp, kompleksli rawajlandırıwshı hám baǵdarlawshı sistemaǵa aylanıwı itimal etilmekte.

Keleshekte bul lawazımnıń tiykarǵı rawajlanıw baǵdarlarınıń biri — individual jantasıwdı kúsheytiw boladı. Hár bir oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵı, qábileti hám psixologiyalıq ózgesheliklerin tereń úyreniw tiykarında olar ushın jeke rawajlanıw jolları islep shıǵıladı. Bul bolsa oqıwshılardıń óz imkaniyatların tolıq júzege shıǵarıwına xızmet etedi. Sonıń menen birge, mektep másláhátshisiniń iskerliginde sanlı texnologiyalardıń keńnen engiziliwi kútilmekte. Hár qıylı onlayn platformalar, diagnostikalıq testler hám monitoring sistemaları arqalı oqıwshılar menen islesiw jáne de nátiyjeli hám sistemalı jolǵa qoyıladı. Taǵı bir áhmiyetli baǵdar — kásipke baǵdarlaw sistemasın jetilistiriw bolıp tabıladı. Keleshekte miynet bazarı talaplarınıń tez ózgerip atırǵanlıǵı sebepli oqıwshılardı durıs kásipke baǵdarlaw jáne de úlken áhmiyetke iye boladı.

Mektep másláhátshileri zamanagóy kásipler, jańa qánigelikler hám global tendenciyalar haqqında tereń maǵlıwmatqa iye bolıp, oqıwshılarǵa sanalı tańlaw islewde járdem beredi. Bul bolsa keleshekte kadrlar sapasın arttırıwǵa hám jumıssızlıq dárejesin azaytıwǵa xızmet etedi.

Sonday-aq, mektep másláhátshisi iskerliginiń rawajlanıwı nátiyjesinde mekteplerde salamat psixologiyalıq ortalıqtıń qáliplesiwi kútilmekte. Oqıwshılar arasındaǵı kelispewshilikler azayadı, óz-ara húrmet hám sheriklik kúsheyedi. Bul bolsa bilimlendiriw nátiyjeliligine tikkeley unamlı tásir kórsetedi. Oqıwshılar ózlerin erkin kórsete alatuǵın, qollap-quwatlanatuǵın ortalıqta bilim alıw imkaniyatına iye boladı. Keleshekte mektep másláhátshisi ata-analar menen islesiwde de áhmiyetli rol atqaradı. Olar arqalı ata-analardıń pedagogikalıq mádeniyatı artadı, perzent tárbiyasına sanalı jantasıw qáliplesedi. Bul bolsa shańaraq hám mektep sherikligin bekkemlep, balalardıń rawajlanıwına jáne de qolaylı sharayat jaratadı. Mektep másláhátshisi lawazımınıń rawajlanıwı bilimlendiriw sistemasınıń sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóteriliwine xızmet etedi.

Nátiyjede keleshekte óz jolın anıq biletuǵın, kásibin sanalı tańlay alatuǵın, sociallıq belsendi hám bárkamal áwladtı tárbiyalaw imkaniyatı keńeyedi. Juwmaqlap aytqanda, mektep keńesgóyi zamanagóy bilimlendiriw sistemasında áhmiyetli pedagogikalıq subyekt sipatında kórinedi. Ol oqıwshılardıń tek bilim alıw procesinde emes, al shaxs sıpatında qáliplesiwinde de úlken rol oynaydı. Másláháchi jumısınıń nátiyjeli shólkemlestiriliwi oqıwshılardıń keleshekte óz ornın tabıwı, durıs kásip tańlawı hám jámiyette belsendi puqaraǵa aylanıwına xızmet etedi.

**PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR**

1. Mirziyoyev Sh.M. Yangi O‘zbekiston strategiyasi. – Toshkent: O‘zbekiston, 2021.
2. Mirziyoyev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O‘zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. – Toshkent: O‘zbekiston, 2017.
3. Avloni A. Turkiy guliston yoxud axloq. – Toshkent: O‘qituvchi, 2015.
4. Davletshin M.G. Umumiy psixologiya. – Toshkent: O‘qituvchi, 2018.
5. G‘oziyev E.G‘. Psixologiya. – Toshkent: O‘qituvchi, 2017.
6. Karimova V.M. Ijtimoiy psixologiya. – Toshkent: O‘qituvchi, 2019.
7. Mavlonova R., To‘xtaxodjayeva M. Pedagogika. – Toshkent: O‘qituvchi, 2018.
8. Nishonova Z.T. Rivojlanish psixologiyasi. – Toshkent: Universitet, 2020.
9. O‘zbekiston Respublikasi “Ta’lim to‘g‘risida”gi Qonuni. – Toshkent, 2020.
10. www.ziyonet.uz – Ta’lim portali.